



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PREMYE DEVLOPMAN KI AKSE SOU TRASPÒ PIBIK KI FINI TOUPÈ ESTASYON HARRISON LAN

Avalon Harrison pral genyen plis pase 140 inite lojman abòdab, aksè ak magazen, ak espas ki vann an detay

MTA ap travay Ak Vilaj Westbury sou pwochen pwojè TOD la, ki prevwa inogire an 2024

Foto devlopman Avalon Harrison ki fini an disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul, lidè Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an, ak ofisyèl nan Kominote AvalonBay yo jodi a te anonse finisman Avalon Harrison, yon devlopman ki akse sou transpò piblik nan estasyon Metro-North Harrison lan ki te konstwi ak sipò MTA. Devlopman ki akse sou transpò piblik gen entansyon ankouraje revitalizasyon anba lavil la ak amelyore anviwònman an ak mòd lavi ki ansante nan bay rezidan yo aksè ak magazen, ekipman, ak estasyon tren nan distans ki sitiye a kèk pa. MTA ap kontinye avanse devlopman ki akse sou transpò piblik yo, ak yon lòt pwojè aktif ki sou pye nan Westbury.

"Administrasyon mwen an ap kontinye fè tout sa nou kapab pou konstwi nouvo lojman nan chak kwen eta sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak plis pase 140 inite lojman abòdab, pwojè Avalon Harrison lan non sèlman entegre san pwoblèm nan kominote a — li pwomèt pou fè Harrison pi dinamik ak pi fasil pou pyeton epi sèvi kòm yon modèl pou devlopman ki akse sou transpò piblik toupatou."

Avalon Harrison, ki te konstwi nan Estasyon Wout Ray Metro-North Harrison lan gen ladann:

- 143 apatman nan twa bilding rezidansyèl, ki gen ladan sèt apatman abòdab ki sibvansyone pa Konte Westchester.
- Apeprè 5,000 pye kare amenajman enteryè pou kominote rezidansyèl la
- Apeprè 27,000 pye kare espas dinamik pou vann an detay/komèsyal nan nivo lari a
- De plas piblik ki amenaje ak koneksyon ak platfòm Estasyon Metro-North Harrison lan
- 758 espas pakin total pou pwojè a

- 475 espas pakin pou kliyan Metro-North (yon ogmantasyon 218 oswa 85 pousan)
- 96 espas pou vann an detay
- 187 Espas pou pakin rezidansyèl

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Pwojè sa a se yon egzanp pafè sou sa li vle di lè yo itilize fraz TOD la, Devlopman ki Akse ou Transpò Piblik (Transit Oriented Development, TOD). Nou gen lojman, bèl nouvo lojman, toupre transpò piblik pou moun pa oblije posede anpil machin epi yo pa oblije itilize yo souvan. Kòm gouvènè a te deklare, sa yo se inite ki fèt sou fason pou granmoun aje yo ki vle soti nan gwo kay sa a ki twò gwo kounye a pou yo, men ki vle rete pre zanmi yo nan kominote yo te kiltive tout lavi yo."

Prezidan Kontriksiyon ak Devlopman MTA a, Jamie Torres-Springer, te deklare, "Devlopman ki akse sou Transpò Piblik ranfòse MTA ak kominote nou sèvi yo. Devlopman sa a pral anime Harrison, ede rezoud pwoblèm lojman rejyonal la, epi konekte plis moun dirèkteman an mwayen ki pi dirab ak fyab pou deplase."

Prezidan Metwo Metro-North ak Prezidan Pwovizwa Metwo Long Island Rail Road lan, Catherine Rinaldi, te deklare, "Finisman bèl konplèks sa a konplètman transfòme zòn ozalantou Estasyon Harrison lan epi li pral atire nouvo kliyan nan transpò piblik ki pi pwòp epi ki pi vèt ke Metro-North la ofri. Olye pou li jis yon kote pou ale ak vini byen vit, estasyon Harrison lan kounye a se yon destinasyon ak yon egzanp sou fason nou ka transfòme vil yo epi ogmante itilizasyon transpò piblik ak Devlopman ki Akse sou Transpò."

Senatè Eta a Shelley Mayer, te deklare, "Mwen kontan pou m rejwenn Gouvènè Hochul ak MTA pou m selebre ouvèti premye konplèks devlopman ki akse sou transpò piblik la nan distri mwen an. Avèk plis pase 140 nouvo apatman ki te bati nan kè anba lavil Harrison lan, plis Nouyòkè pral gen opòtinite pou jwi kominote Harrisondinamik la pandan y ap gen aksè ak sèvis Metro North premye klas. Mwen felisite angajman Gouvènè Hochul pou sipòte devlopman ki akse sou transpò piblik nan kominote yo tankou Harrison, ke mwen fyè pou m reprezante."

Manm Asanble Chris Burdick, te deklare, "Li enteresan pou nou wè ki jan nouvo devlopman ki akse sou transpò piblik sa a nan Harrison te chanje dramatikman peyizaj sant vil la. Sa pral san dout bay yon eksperyans anba lavil ki pi dinamik, ki pral benefisye biznis yo ak santiman kominote a."

Premye faz pwojè ki gen de faz la te ouvri 23 out 2021, epi li te enkli konstriksyon yon garaj pakin pou vwayajè ki gen 598 espas ki sitiye a kèk pa ak platfòm estasyon Harrison an ki mennen nan Connecticut. Metro-North posede ak opere garaj la.

Pwojè Harrison lan prevwa yon pwojè kipote transfòmasyon pou estasyon an ak distri biznis santral Harrison lan epi li se yon viktwa nan twa sans pou patenarya a. Sou bò

sektè piblik la, MTA kounye a amelyore aksè ak estasyon (ogmante pakin, amelyore sikilasyon pyeton ak aksè dirèk nan platfòm soti nan garaj la); yon anviwònman estasyon amelyore ak magazen ki vann an detay sou fasad Halstead Avenue an ak nan plas/lakou a; ak ogmantasyon dansite rezidansyèl ki sitiye a kèk pa ak estasyon an pou ogmantasyon pasaje potansyèl; tout pandan y ap evite nenpòt depans kapital.

Vil/Vilaj Harrison benefisye yon katalizè ekonomik potansyèl pou distri biznis santral la ak revni taks sou pwopriyete ke yo te deja posede piblik la. Kominote Avalon Bay lan kounye a gen yon devlopman ki akse sou transpò piblik sou liy ki gen kantite pasaje ki pi wo nan Metro-North.

Aktyèlman Harrison gen 98 tren pa jou lasemèn ak 75 nan samdi ak dimanch, ki jeneralman ofri sèvis chak 30 minit nan direksyon Manhattan ak Stamford pandan lè ki pa chaje yo ak chak 20 minit pandan lè ki chaje yo.

Avalon Harrison konplete ajanda konplè Gouvènè Hochul la pou ranfòse rezèv lojman New York la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou viv. Dènyèmman, Gouvènè a te anonse yon pake [aksyon egzekitif](#) pou ankouraje kwasans lojman atravè Eta New York. Nan kad Bidjè ane fiskal 2023 a, Gouvènè a te asire tou finansman pou yon [plan lojman senkan, 25 milya dola](#) pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab nan zòn iben ak riral atravè New York.

Konsènan Pwogram Devlopman ki Akse sou Transpò Piblik MTA a

Atravè ekip devlopman ki akse sou transpò piblik li a, MTA kolabore ak pwopriyete pwopriyete yo ak minisipalite atravè rejyon an pou ankouraje devlopman ozalantou estasyon transpò piblik yo ki ogmante aksè ak bay lojman, magazen ki vann an detay, amelyorasyon biwo ak amelyorasyon piblik. Lòt pwòje devlopman TOD ap swiv siksè Harrison nan estasyon Metro-North ak Wout Ray Long Island lan ki ap konstwi an konfòmite ak rezonaj minisipal ki fèk adopte a.

Kounye a, MTA ap travay ak Vilaj Westbury nan Konte Nassau pou pote yon devlopman rezidansyèl pou itilizasyon miks sou pakin pou transpò ki posede pa LIRR la nan sid Estasyon Westbury apre envèstisman plizyè milya dola MTA nan LIRR. MTA kontinye travay ak kominote ki te angaje yo pou amelyore ak aktive zòn estasyon pa yo lè yo refè zonaj pou pèmèt pi gwo dansite ak itilizasyon miks.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)